

# Klinik Sante Seksyèl NYC yo

Klinik Sante Seksyèl NYC yo (NYC Sexual Health Clinics) bay sèvis bon mache epi gratis pou nenpòt moun ki gen 12 lane pou pi piti, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo oswa asirans yo. Yo pa bezwen konsantman paran yo pou yo jwenn sèvis sa yo, epi yo bay pifò sèvis yo san randevou, avèk yon kantite moun ki limite chak jou.

## Sèvis yo gen ladan yo:

- Depistaj, tès ak tretman enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infections, STI)
- Tès VIH ak kòmansman tretman pou moun yo fenk dyagnostike ki gen VIH
- Kòmansman pwofilaksi apre kontak (post-exposure prophylaxis, PEP) ak pwofilaksi anvan kontak (pre-exposure prophylaxis, PrEP) ak konsèy
- Kontrasepsyon annijans
- Metòd planin, ki gen ladan yo esterilè (intrauterine devices, IUD) ak sèvis enplan (sou randevou)
- Avòtman avèk medikaman (grenn avòtman)
- Tès, tretman ak vaksinasyon kont mpox
- Vaksinasyon kont HPV, epatit A, epatit B ak mennenjit

Pou w jwenn enfòmasyon ki ajou sou sèvis ak orè klinik yo, rele **311**, eskane kòd QR la oswa ale sou [nyc.gov/health/sexualhealthclinics](http://nyc.gov/health/sexualhealthclinics). W ap jwenn orè nòmal klinik nou yo (ki ka chanje) ak adrès yo pi ba a. Pou randevou pou vizit nan Express Clinic la ak tès rapid pou STI, ale sou [bit.ly/sti-scheduling](http://bit.ly/sti-scheduling).

### Morrisania (Bronx)

1309 Fulton Ave., Dezyèm Etaj  
Lendi pou rive Vandredi,  
8:30 a.m. pou rive 3:30 p.m.

### Jamaica (Queens)

90-37 Parsons Blvd., Premye Etaj  
Lendi pou rive Vandredi,  
8:30 a.m. pou rive 3:30 p.m.

### Fort Greene (Brooklyn)

295 Flatbush Ave. Ekstansyon, Dezyèm Etaj  
Lendi pou rive Vandredi,  
8:30 a.m. pou rive 3:30 p.m.;  
Madi, 5 pou rive 7 p.m. (Pou egzamen yo tou bay rezulta yo tousuit sèlman)

### Chelsea (Manhattan)

303 Ninth Ave., Premye Etaj  
Lendi pou rive Vandredi,  
8:30 a.m. pou rive 3:30 p.m.;  
Madi, 5 pou rive 7 p.m. (Pou egzamen yo tou bay rezulta yo tousuit sèlman)

### Central Harlem (Manhattan)

2238 Fifth Ave., Premye Etaj  
Lendi pou rive Vandredi,  
8:30 a.m. pou rive 3:30 p.m.

### Corona (Queens)

34-33 Junction Blvd., Premye Etaj  
Lendi pou rive Vandredi,  
8:30 a.m. pou rive 3:30 p.m.

Pou sèvis telemedsin ki gen pou wè ak VIH, STI, kontrasepsyon ak avòtman avèk medikaman, rele liy asistans nou an nan 347-396-7959, Lendi rive Vandredi, 9è A.M. rive 3:30 P.M.

Si w panse ou te an kontak ak VIH epi ou pa ka ale nan yon Klinik, rele liy asistans 24 sou 24, 7 jou sou 7 NYC PEP la nan 844-373-7692.

